



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



AVI REKRITMAN ETIDYAN FINISAN

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) ap rekrute Etidyan finisan nan Fakilte Lengwistik Aplike (FLA) epi nan Fakilte Dwa Syans Ekonomik (FDSE) pou yo jwe wòl *Asistan Editoryal* nan kad elaborasyon yon diksyonè tèminoloji jiridik. Akademi an defini pwofil kandida yo.

Kandida a dwe :

- i) Pote prèw li se yon etidyan finisan (ki nan dènye ane fòmasyon oswa ki konplete pwogram etid li nan domèn lengwistik / dwa)
- ii) Gen abiltè pou travay ak lojisyèl « Microsoft Office » Word, Excel, Powerpoint). Konpreyansyon Potoshop osinon Corel Draw;
- iii) Gen konesans nan lòt domèn Syans Imèn

Pyès Kandida a dwe depoze :

- i) kourikoulòm vite,
- ii) yon lèt motivasyon
- iii) yon lèt rekòmandasyon (yon otorite akademik)
- iv) Fotokopi dokiman (atestasyon, diplòm, sètifika) ki pwouve pwofil kandida a satisfè egzijans AKA.

Adrès ak dat limit pou kandida yo depoze dosye :

- i) Dat limit : Mèkredi 27 avril 2022 anvan 3:00 PM
- ii) Adrès : 31, Ri Babyòl (lokal Fany Villa, Biwo pwovizwa AKA), Pòtoprens ;
Sit wèb : www.akademikreyol.net / Telefòn: (+509) 3333-0815 / 3333-0816;
Imel: enfomasyon@akademikreyol.net